


Rute Ishamwari Yakavimbika

RUTE ZVITSAUKO 1-4

NAOMI, ari kugara kumoabhi uye ichirikadzi, afunga zvokudzokera kumusha kwake, kuIsraeri. Varoora vake vaviri, **RUTE** na**NAOPA** vanoendawo naye.



PAVAKANGA VARI MUNZIRA, NAOMI AKAMIRA NDOKUBVA ATANGA KUTAURA NARUTE NAOPA.




VANANGU, CHIDZOKERAI HENYU **KUMOABHI** KUNE HAMA DZENYU UYE KANA MUCHIDA MUNOGONA KUROORWA NEVAMWE VARUME SEZVO VARUME VENYU VAKAFA.





INI HANDISI
KUDA KUDZOKERA,
ASIKA RUTE ZVIRI
KUTAUURWA
NANAOMI NDEZVE-
CHOKWADI.




KUMOABHI NDIKO
KUMUSHA KWEDU! NDIKO KUNE
VABEREKI VEDU, HAMA DZEDU
NESHAMWARI DZEDU.

INI NDAVA
KUDZOKERA
KUMBA.

ASI OPA,
NAOMI IHAMA YEDUWO.
UYE MWARI WAKE
JEHOVHA, ANE NGONI
NEMUTSA.
VANAMWARI VEMOABHI
VANE UTSINYE.


TARISA! OPA
AVA KUTODZOKERA KUMBA,
DZOKERAI MOSE.



AIWA . . .
HANDISI
KUZOKUSIYAI.

KWAMUNO-
ENDA
NDIKO
KWANDICHAE-
NDAWO.

VANHU
VENYU
VACHAWAWO
VANHU
VANGU.



UYE MWARI
WENYU
ACHAWAWO
MWARI WANGU.

PAVAKADZOKERA KUISRAERI, RUTE
AKATSVAGIRA NAOMI ZVOKUDYA
NOKUENDA MUMUNDA WABHOAZI
ACHINHONGA BHARI YAINGE YASARIRIRA.

MUKADZI
UYO
NDIANI?

AKAUYA
NANAOMI KUBVA
KUMOABHI. KUBVIRA
MANGWANANI ANGA
ACHINGOSHANDA.

JEHOVHA
NGAAKUKOMBORERE,
RUTE.
VANHU VESE VARI
KUKURUMBIDZA.

BHOAZI AKAROORA RUTE, VACHIBVA VAVA NEMWANA
MUKOMANA UYE VAKAMUTUMIDZA KUTI OBHEDHI.
MUZUKURU WAOBHEDHI AKAZOVA MAMBO WEVAISRAERI.
UNOZIVA HERE ZITA RAKE? (VERENGA RUTE 4:22.)

TINODZIDZEI MUNYAYA IYI?

RUTE AKARATIDZA SEI KUTI AIDA NAOMI
NEMWOYO WOSE?

ZVINGANGOKUBATSIRA: RUTE 1:14, 16, 17;
2:11, 12.

JEHOVHA AKARATIDZA SEI KUTI AIDA RUTE
NANAOMI?

ZVINGANGOKUBATSIRA: RUTE 4:13-15.

UNGERATIDZA SEI KUTI UNODA SHAMWARI
DZAKO NEMWOYO WOSE?

ZVINGANGOKUBATSIRA: ZVIREVO 17:17;
18:24.